# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–21 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

अस्ट्रेलिया क उच्चायुक्त फिलिप ग्रीन अपने देस के एगो प्रतिनिधिमण्डल के साथे आजु लखनऊ में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ से मुलाकाति कइलस। येह दौरान प्रतिनिधिमण्डल, मुख्यमंत्री से कृषि अउर सहायक सेक्टर में निवेस पर चरचा कइलस। उच्चायुक्त फिलिप ग्रीन कहलें कि उत्तर प्रदेस में बहुते सम्भावना हौ अउर आस्ट्रेलिया क कम्पनी येह सम्भावना के बिस्तार देवे बदे उत्साहित हौ। बातचीत में मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस क किसान मेहनती अउर नवाचार के अपनावे वाला हौ अइसन में जो त आस्ट्रेलिया क कृषि तकनीक क साथ येह किसानन के मिली त निस्चित रूप से प्रदेस में कृषि, उद्यान, डेयरी अउर खाद्य प्रसंस्कारण सेक्टर के बड़हन लाभ मिली।

**********

सर्वोच्च न्यायालय के अनुसूचित जाति अउर अनुसूचित जनजाति आरक्षण पर हलिये में फैसिला के बिरोध में भइल परदरसन क मिलल–जुलल असर देखे के मिली। बस्ती जिला में बसपा–सपा अउर अनुसूचित जाति अउर अनुसूचित जनताति सान्ती के साथे बन्द के सफल बनवले क कोसिस कइलस। सहारनपुर में बसपा के सथहीं कई गो संगठन बन्द के सफल बनावे क कोसिस कइलस। जौनपुर में कांग्रेस, सपा अउर बसपा के साथे कई गो संगठन भारत बंद के समरथन में जोरदार परदरसन कइलस। कौशाम्बी जिला में सान्ती के माहौल में भारत बन्द कइले क कोसिस देखल गइल। हापुड, बनारस, अजोध्या, गोरखपुर, आगरा, बदायूं अउर चित्रकूटो सहर में भारत बंद के ले के परदरसन क खबरि हौ। कई जहहिनि पर परदरसनकारी जिला प्रसासन के अपने मांग क ज्ञापनो सउंपलें। येह दौरान प्रदेस के करीब सज्जो जिलन में भारत बन्द के आवाहन के देखि के सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल रहे।

**********

यूपी पुलिस कांन्सटेबल परीक्षा के सुचिता के साथे पूरा करवले क सासन–प्रसासन आपन तइयारी पूरा कइ लिहले हौ। आवे वाला तेइस, चउबीस, पचीस, तीस अउर एकतीस अगस्त के आयोजित होखे वाला येह परीक्षा बदे प्रवेस पत्र यूपी पुलिस के आधिकारिक वेबसाइट पर जारी कइ दिहल गइल हौ। अभ्यर्थियन के जल्दी से जल्दी प्रवेस पत्र डाउनलोड करे क सुझाव दिहल गइल हौ। परीक्षा के ले के सतर्कता बरतत कई जिलन में पुलिस अधिकारी तय परीक्षा केन्द्रन पर सघन जांचि कइलें। चित्रकूट में पुलिस अधीक्षक के अगुआई में सघन चेकिंग कइल गइल। बनारस में परीक्षा के सकुसल पूरा करावे बदे लगतारे बइठकी आयोजित कइल जा रहल हौ।

**********

राज्य के करीब सज्जो जिलन में बीतल दुइ दिन से रूकि–रूकि के बरखा हो रहल हौ। बरखा के नाते तापमान में गिरावट दरज कइल गइल हौ, जेहसे लोगिन के उमस भरल गरमी से राहति मिलल हौ। पूरबी उत्तर प्रदेस में भइल बरखा से किसानन क फसिलि के ढेरे लाभ पहुंचल हौ। मौसम विभाग प्रदेस के जियादेतर जिलन में अगिला दुइ–तीनि दिन ले रूकि–रूकि के गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क पूर्वानुमान जतवले हौ। ओहर, कई नदियन क जलस्तर बढ़े लागल हौ। बनारस में गंगा नदी क कई घाट जलमग्न हो गइल हौ। ओहां क जिला प्रसासन गंगा नदी के किनारे रहे वाले लोगिन से सतर्क रहले क अपीलि कइले हौ। पीलीभीत में बनबसा बैराज से एक लाख तैंतीस हजार क्यूसेक पानी छोड़इले से शारदा नदी क जलस्तर बढ़ि गइल हौ। नेपाल क काली नदी अउर शारदा क सहायक नदियो खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहलि हौ। बनबसा बैराज से अगिला एक से दुइ दिन में अढ़ाई से तीनि लाख क्यूसेक पानी छोड़इले क चेतावनी जारी करत जिला प्रसासन किनारे के इलाकन में रहि रहल लोगिन के सतर्क कइले हौ। ओहर, बस्ती जिला में घाघरा नदी के कटानि से सदर तहसीलि क एक दरजन गांवन पर अस्तीत्व क खतरा मड़राये लागल हौ। तेजी से कटान भइले के नाते आसपास क लोगि मकानि तूरि के सुरक्षित जगहिनि पर जाये लागल हवें।

**********

येह बरिस सावन महिन्ना में बनारस के काशी विश्वनाथ मंदिर में तिरपन लाख चौरासी हजार से जियादा सरधालु बाबा विश्वनाथ के दरबार में हाजिरी लगवलें। काशी विश्वनाथ ट्रस्ट सरधालुअन के अइले क आंकड़ा जारी करत ई जनकारी दिहले हवे। ट्रस्ट बतवलस कि येह बेरि सावन महिन्ना में पांच सोम्मार रहल, हर सोम्मार के विश्वेश्वर क श्रृंगार अलगि–अलगि स्वरूप में कइल गइल। सावन क पुन्नवासी अउर सावन क आखिरी सोम्मार के बाबा विश्वनाथ क खास श्रृंगार कइल गइल। पचवां सोम्मार के एक लाख चौंसठ हजार से बेसी लोगि बाबा क दरसन कइलें। ट्रस्ट बतवलस कि काशी विश्वनाथ कॉरिडोर बनले के बाद एहवां आवे वाले सरधालुअन क संख्या ढेरे बढ़ल हौ।

**********

इटावा जिला क इकदिल इलाका में आगरा–कानपुर राष्ट्रीय राजमार्ग पर आजु भिन्नहीं एगो चारपहिया गाड़ी के सड़कि पर ठाढ़ ट्रक से लड़ि गइले के नाते गाड़ी में सवार चारि जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल। तीनि जने अउरियो गम्हिराहे घाही हो गइलें, जिन्हें इलाज बदे अस्पताल में भरती करावल गइल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुरघटना क संज्ञान लेत मृतक लोगिन के सोक संतप्त परिजनन के प्रति संवेदना जतवले हवें।

**********